Маршо Радио

КЕРЛАНАШ

# Дагестанехь виъ стаг лаьцна 110 тонн мехкадаьттан сурсаташ лечкъорна

Товбеца-бутт 03, 2026




Гайтаман сурт

110 тонн мехкадаьттан сурсаташ лачкъор бахьана долуш бехктакхаман гӀуллакх а долош, виъ стаг лаьцна Дагестанехь. Оьрсийчоьнан Талламан комитето дӀахьедина цунах лаьцна, украинхойн тӀелетарш бахьана долуш ягоргца пачхьалкхехь къоьлла хӀоьттинчу заманчохь

Бехкебечийн цӀераш урхалло йохуш йац. Официалан версица а догӀуш, вовшахтоьхначу зуламхойн тобано 2025-чу шеран гезгамашин-баттера схьа дуьйна НогӀийн кӀоштара буру чуьра мехкадаьттан сурсаташ лечкъош хилла. Дуьхьало йоцуш йаккхий машенаш дӀасалелийта шайна некъ буьтург, цара кхаъ кховдийна хилла полицин белхахочунна. Цул тӀаьхьа чоьхьара гӀуллакхийн министралло а, къайлахчу сервисаша а талламаш болийна.

Пачхьалкхан ТАСС агенталло зорбане йаьккхина оперативан видео, цу тIехь гуш ву лаьцначех цхьаъ, цо шен йуьхь лечкъайо.

- Краснодарера гIалин думин депутат Сафронов Александр реза вацара Оьрсийчоьнан вице-премьер волчу Новак Александрна, "чоьхьара базарна тоъал бензин а, дизелан ягорг а йолуш йу" цо аларна.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю